



Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Joel I. Klein
Chanselye

Andres Alonso
Chanselye adjwen pou ansèyman ak aprantisaj

Dwa ak responsablite paran Out 2006

Judith K. Dean, Direktè Egzekitif
Biwo pou angajman paran *Office of Parent Engagement*
New York City Department of Education
49 Chambers Street, Room 503
New York, NY 10007

212-374-2323 ☎
212-374-0076 (faks)

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) rekonèt ke paran yo se premye moun ki anseye pitit yo. Chak timoun ka rive atenn pi gwo potansyèl li lè gen yon patnarya solid ant lakay li ak lekòl la. Paran yo, gadyen legal yo, ak fanmi elèv yo gen kèk dwa ak responsablite antanke asosye nan edikasyon yo.

TOUT PARAN GEN DWA SILA YO :

DWA POU PITIT YO RESEVWA EDIKASYON GRATIS NAN YON LEKÒL LETA .

Edikasyon gratis nan yon lekòl leta se dwa fondamantal ki garanti pou tout timoun.

Paran gen dwa pou :

1. pitit yo, kèlkeswa peyi yo fèt dapre lalwa, resevwa edikasyon gratis nan lekòl leta apati jadendanfan jiska laj 21 lane, oswa jiskaske yo resevwa yon diplòm lekòl segondè, depann kilès ki rive anvan.
2. mande fè evalyasyon yon timoun ki gen andikap, e si yo reyalize li bezwen sèvis edikasyon espesyal, pou li resevwa yon edikasyon gratis ki apwopriye apati laj twazan jiska laj 21 lane dapre lwa ak règleman yo.
3. mande pou yon timoun k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL) resevwa sèvis edikasyon jan lwa ak règleman selon egzijans lalwa.
4. mande pou orè lekòl pitit li matche ak kalandriye lekòl Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) tabli chak ane ak Règleman Chanselye a (Chancellor's Regulations) ki gen pou wè ak orè lekòl.
5. pitit yo resevwa sèvis edikasyon nan yon anviwonman san danje ki ankouraje aprantisaj, san diskriminasyon, san arasman e san prejije.
6. yo bay pitit yo tout dwa ki endike nan Dwa ak responsablite elèv *Bill of Student Rights and Responsibilities* DOE a.

DWA POU BAY YO AKSÈ A ENFÒMASYON

DOE ak lekòl li yo gen responsablite bay paran yo aksè a dosye pitit yo e a enfòmasyon ki disponib sou pwogram ansèyman e sou opòtinite.

Paran gen dwa pou :

1. bay yo aksè a dènye enfòmasyon sou sèvis yo bay nan sistèm lekòl la, kondisyon pou yo kalifye pou sèvis sa yo e kòman pou aplike pou yo (tankou, transpò, sèvis manje, sèvis sante, ansèyman pou ELL, sèvis pou ede timoun korije lakin li gen lekòl, sèvis edikasyon espesyal, elatriye).
2. bay yo enfòmasyon sou sa yo dwe atann pitit yo akonpli dapre pwogram ansèyman, prezans li ak konpòtman li lekòl.
3. bay yo enfòmasyon sou kritè pou bay nòt yo pral itilize pou evalye pèfòmans akademik pitit yo.
4. bay yo aksè a enfòmasyon sou pwogram ansèyman pitit yo.

5. bay yo garanti dosye pitit yo ap rete sekre, selon Règleman A-820 Chanselye a.
6. egzamine epi revize dosye edikasyon pitit yo, e pou yo deziyen yon anplwaye lekòl la pou bay yo esplikasyon lè yo mande, pou yo bay yo kopi dosye sa yo. Mande pou transmèt dosye sa yo ba yon lòt ajans ki pa nan sistèm lekòl la selon Règleman A-820 Chanselye a, epi pou pa bay enstitisyon ansèyman siperyè ak enstitisyon k ap rekrute elèv pou lekòl militè enfòmasyon pou kontakte yo.
7. bay yo enfòmasyon sou tout règ ak règleman ki mande pou kontakte paran yo onivo lekòl la, distri a oubyen rejyon a oswa touletwa.
8. jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon si paran an bezwen oswa mande èd lè li pa maton nan lang lan pou l ka kominike kòrèteman ak Depatman an, dapre Règleman A-663 Chanselye a.

DWA POU GEN YON PATISIPASYON AKTIF NAN EDIKASYON PITIT YO

Paran yo gen dwa pou gen tout opòtinite ki adispozisyon yo pou yo patisipe toutbon nan edikasyon pitit yo.

Paran gen dwa pou :

1. tout pèsonek lekòl la trete yo ak koutwazi e respè, e pou bay yo tout dwa yo san yo pa konsidere ras yo, koulè po yo, kwayans yo, relijyon yo, peyi orijin yo, sèks yo, laj yo, etnisite yo, kondisyon yo kòm moun ki sot nan lòt peyi, sitwayènte yo, eta sivil yo, oryantasyon seksyèl yo, idantite seksyèl yo, andikap yo oswa kondisyon ekonomik yo.
2. kominike ak pwofesè yo e ak lòt lanplwaye lekòl la epi diskite pwoblèm yo genyen osijè pwogrè akademik, sosyal ak konpòtman pitit yo.
3. vizite lekòl pitit yo pou rankontre pwofesè yo ak direktè yo lè ki bon pou yo toulede.
4. patisipe nan konferans pozitif paran-pwofesè pou pale sou pwogrè pitit yo ap fè lekòl.
5. yo enfòmè yo sou pwogrè akademik pitit yo ak konpòtman yo lekòl.
6. yo ankouraje yo patisipe epi resevwa èd pou yo patisipe toutbon nan desizyon y ap pran onivo administrasyon ak edikasyon atravè Komite dirijan lekòl *School Leadership Team* (SLT) nan lekòl pitit yo.
7. gen yon zanmi, konseye, oswa entèprèt akonpaye yo lè yo prale fè demann pou rekonsidere desizyon, lè yo pral nan konferans, *interview* ak lòt reyinyon k ap fèt pou pitit yo, selon pwosedi ki anplis yo.
8. mande sèvis yon entèprèt, si yo gen difikilte pou tande, nan tout reyinyon oswa aktivite y ap patisipe ki gen pou wè dirèkteman ak disiplin oswa pwogram akademik oubyen e disiplin e pwogram akademik pitit yo, lè yo fè demann lan alekri anvan reyinyon oswa aktivite a; si pa gen yon entèprèt ki disponib, yo dwe fè lòt aranjman nesèsè.
9. anplwaye lekòl la yo fè tout jefò posib pou asire ke paran yo resevwa avi enpòtan lekòl la voye, tankou avi pou konferans paran-pwofesè, semenn pou vizit lib lekòl la, avi asosyasyon paran voye, elatriye.
10. vin yon manm asosyasyon paran Parent Association (PA) oswa asosyasyon paran-pwofesè *Parent-Teacher Association* (PTA) lekòl pitit yo san konsidere kotizasyon pou yo peye.

11. bay yo yon kopi "Dwa ak responsablite paran yo", "Dwa ak responsablite elèv yo" ak Kòd disiplin *Discipline Code* la lè y ap enskri pitit yo nan lekòl la nenpòt lè yo mande l.
12. patisipe nan komite lekòl yo, selon machaswiv yo aplike pou komite sa yo.
13. fè reprezante yo nan Komite konsiltatif pou paran Chanselye a ak DOE mete anplas.
14. poze kandidati pou swa yon pozisyon prezidan, sekretè oswa trezorye PA oswa PTA lekòl pitit yo, vote pou manm nan Konsèy edikasyon kominotè oswa Konsèy edikasyon minisipal selon lalwa.
15. ale nan tout reyinyon piblik Konsèy edikasyon kominotè a ak Panèl sou règleman onivo edikasyon *Panel for Education Policy* selon Lwa pou reyinyon piblik *Open Meetings Law* ki rele "*the Sunshine Law*".
16. pran lapawòl nan reyinyon piblik Konsèy edikasyon kominotè ak Panèl sou règleman onivo edikasyon ap òganize, selon pwosedi anplas yo.

DWA POU POTE PLENT EPI POU MANDE REKONSIDERE DESIZYON

Paran yo gen dwa pou swiv pwosedi ki anplas pou pote plent oswa pou mande rekonsidere desizyon ki afekte pitit yo.

Paran gen dwa :

1. fè yon demann pou rekonsidere desizyon pou yon bagay ki nan dosye pitit yo ki pa kòrèk, ki ka twonpe moun oswa ki vyole dwa prive pitit yo, epi mande pou yo korije dosye a, dapre Règleman A-820 Chanselye a.
2. swiv pwosedi ki anplas pou pote plent oswa mande rekonsidere desizyon yo kwè ki vyole dwa oswa dwa pitit yo.

TOUT PARAN GEN RESPONSABLITE SA YO :

1. voye pitit yo lekòl pare pou yo aprann.
2. asire pitit yo ale lekòl regilyèman e rive alè.
3. Pale ak pitit yo osijè lekòl pou yo konnen kòman y ap travay lekòl, pwogrè y ap fè e pwoblèm yo genyen; gade travay ak kanè pitit yo epi rfè reyinyon ak anplwaye lekòl la.
4. kenbe kontak ak pwofesè pitit yo epi ak direktè a sou pwogrè k ap fèt onivo edikasyon pitit yo.
5. reponn tout lèt lekòl pitit yo voye ba yo.
6. ale nan tout reyinyon ak konferans lekòl la ap fè osijè pitit yo.
7. konsidere tout anplwaye lekòl la ak koutwazi e respè.

PARAN YO DWE TOU :

1. ofri pitit yo anviwonman ankourajan pou aprantisaj lakay yo pou yo aprann ke li enpòtan pou yo fè sa yo kapab pou yo travay byen lekòl.
2. ensiste lakay yo sou enpòtans pou posede konesans, kapasite, ak valè yo bezwen pou fonksyone tout bon nan sosyete a.
3. bay tan yo, konesans yo oswa resous yo genyen lè li nesèsè e lè li posib.
4. patisipe nan pwogram lekòl la ak kominote a ap òganize pou pèmèt paran yo patisipe nan desizyon y ap pran yo onivo edikasyon.
5. vin manm aktif nan PA oswa PTA an.
6. fè pitit yo pran responsablite onivo travay, prezans, ak konpòtman lekòl la ap atann aske yo genyen, epi aprann yo respekte tèt yo, byen, sekirite ak dwa lòt moun.